REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-101 an ki gen dat 29 jen 2009.

Chanjman :

- Li bay plis presizyon sou wòl Sipèentandan an onivo pwoblèm ki konsène plasman elèv nan klas. (p. 2,§ I.A.6&7.)
- Li bay plis presizyon sou pwosedi pou plase elèv ki soti nan lòt peyi k ap rantre nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk. (p.2,§1.A.7.)
- Li modifye pwosesis ak tit enpòtan onivo pwoblèm prezans ak envestigasyon. (p.3,§1.A.12; P.11,§7.B.)
- Li bay plis presizyon pou endike nan ki sikonstans yo bay priyorite pou frè/sè *sibling* elèv. (p.3,§2.A.)
- Li chanje lòd priyorite pou admisyon nan pwogram prematènèl inivèsèl *Universal Pre-Kindergarten* (UPK) pou bay elèv ki abite nan sektè lekòl *zoned students* priyorite sou frè/sè *siblings* elèv ki nan lekòl la kounye a men ki pa abite nan sektè lekòl la. (p.4,§2.B.)
- Li bay plis presizyon sou pwosesis yo itilize pou lekòl sektè ka admèt elèv ki pa abite nan sektè lekòl la atravè pwosesis admisyon nan matènèl. (p.4,§2.C; p.5,§2.E.)
- Li bay plis presizyon sou dwa ak priyorite elèv ki pa ka rantre nan lekòl sektè yo poutèt pa gen plas. (p.6,§II.E.)
- Epitou enfòmasyon sou obligasyon lekòl sektè yo genyen pou sèvi elèv ki nan sektè yo ak efè posib sou pwogram ki pa obligatwa yo. (p.5,§II.E.)
- Li bay plis presizyon sou priyorite pou elèv ki pa jwenn plas nan pwosesis chwa lekòl presegondè nan distri kote yo fè pwosesis la. (p.6,§II.F.)
- Li bay plis presizyon sou dwa admisyon ak readmisyon pou elèv k ap rantre nan lekòl segondè.(p.7,§II.G; p.7,§III.A.)
- Li bay plis eksplikasyon sou dwa elèv ki gen andikap lè yo fè chanjman nan IEP yo oswa nan sèvis yo rekòmande yo. (pp.9-10,§V.A.)
- Li modifye enfòmasyon sou kote pou kontakte pou jwenn enfòmasyon. (pp.15-16.)

REZIME

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation* (CR) A-101 ki gen dat 29 jen 2009. CR A-101 fikse règleman konsènan fason sistèm leta Vil Nouyòk fè admisyon, ranvwa, ak transfè elèv.

I. ENTWODIKSYON

Se sèl Biwo pou Enskripsyon Elèv *Office of Student Enrollment* (OSE) ki gen otorite ak responsablite pou règleman ak planifikasyon enskripsyon pou tout lekòl eksepte sa yo ki nan Distri 75 ak Distri 79. Sipèentandan pou distri sa yo gen responsablite pou fòmalite ak règleman enskripsyon nan distri sa yo.

A. Admisyon nan lekòl – Règleman ak Pwosedi jeneral

1. Yo pa ka refize pran yon timoun nan yon lekòl leta poutèt ras li, koulè li, kwayans li, peyi li sòti, sèks li, fason li detèmine sèks li, poutèt li ansent, kondisyon imigrasyon/sitwayènte li, andikap li, oryantasyon seksyèl li, relijyon l, oswa etnisite l.[1]

2. Nan Vil Nouyòk, yo egzije pou timoun yo ale lekòl apati laj sis lane jiska fen ane lekòl yo vin gen 17 lane jan l ekri pi ba a. Timoun ki pa rive pran diplòm lekòl segondè yo ka rete lekòl jiska fen ane lekòl yo vin gen 21 lane.

   a. Yo dwe admèt timoun ki vin gen sis lane nan ane pandan ane y ap admèt li lekòl nan klas 1ye ane.

   b. Yo dwe admèt timoun ki vin gen senk lane nan ane y ap admèt li nan klas matènèl kit timoun sa yo ap rantre lekòl pou premye fwa kit y ap transfere nan yon lòt lekòl, si paran yo deside enskri yo.

   c. Yo dwe admèt timoun ki vin gen kat lane nan ane y ap admèt yo nan prematènèl (sèlman pou kèk lekòl espesifik lè gen plas disponib).

3. Yon elèv dwe abite nan Vil Nouyòk pou li ka gen dwa ale nan lekòl leta Vil Nouyòk. Nenpòt elèv ki pa abite nan Vil Nouyòk dwe soumèt yon aplikasyon nan OSE pou yo ka konsidere l pou l rantre nan yon lekòl leta Vil Nouyòk dapre CR A-125. Tout elèv dwe ranpli yon kesyonè sou kote yo abite *Residency Questionnaire* lè y ap enskri nan lekòl yo. Yo dwe refere tout elèv yo idantifye kòm moun ki abite nan lojman tanporè nan pwogram elèv ki nan lojman tanporè *Students in Temporary Housing* (STH). Gade *Residency Questionnaire* la (Dokiman siplemantè No. 6) ki vini ak Gid sou lwa McKinney-Vento pou paran ak jèn *Guide for Parents and Youth* (Dokiman siplemantè No. 7).

4. Pou yon elèv ka enskri nan yon lekòl leta Vil Nouyòk, paran an dwe prezante al ak pitit li ansanm,[2] epi yo dwe prezante :

   - Prèv adrès yo ka verifye (gade seksyon VII);
   - Batistè oswa paspò timoun lan;
   - Dosye vaksinasyon timoun lan;
   - Dènye kanè oswa relve nòt timoun lan (si l disponib);
   - Plan Edikasyon Endividyèl *Individualizeed Education Program* (IEP) timoun lan ak/oswa Plan 504 pou akomodasyon (si genyen yonn ak si l disponib)

   Si yon elèv pa ka bay prèv li pran vaksen, yo dwe enskri l pwovizwaman epi lekòl la

[1] Yo ka konsidere ras kòm yon faktè pou yo pran yon elèv nan yon lekòl dapre lòd tribinal sèlman ; sèks (fi/gason) se yon faktè sèlman nan lekòl ki pa miks.

[2] Jan yo dekri l nan seksyon VIII la, si yon elèv pa vini ak paran l nan yon biwo enskripsyon oswa nan yon lekòl, epi li di li se sanzabri epi li vle enskri oswa transfere nan lòt lekòl, li pa oblije tounen lekòl la ak yon paran pou l enskri oswa transfere nan yon lekòl. Yon elèv ki responsab tèt li pa oblije vini ak yon paran pou l enskri.

dwe pran aksyon apwopriye dapre pwosedi tabli nan CR A-701.

Si yon elèv pa ka prezante yon batistè, yon paspò oswa yon lòt dokiman apwopriye pou pwouve laj li, yo dwe enskri l pwovizwaman epi lekòl la dwe pran mezi pou asire plasman l nan klas apwopriye.

5. Lekòl kote yon lekòl oswa OSE oswa Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE), lè se ka a, deziyen oswa mete sou rejis apwopriye pou yon elèv ale pa ka refize pran elèv la.

6. Si yon elèv ki soti nan yon lòt sistèm lekòl Etazini ap rantre nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk, y ap enskri elèv sa a dapre dènye klas li te ye nan dènye lekòl li ale dapre dosye edikatif apwopriye li soumèt. Si pa gen dosye ki disponib, y ap mete elèv la nan yon klas dapre klas ki apwopriye pou laj li. Nan ka sa a, direktè a oswa reprezantan l ap deside apresa nan ki klas ki apwopriye pou mete l lè yo fin resevwa dosye edikatif apwopriye a. Nan ka kote yo mete elèv la nan klas dapre Règleman sa a, men direktè a jije ke enstriksyon nan yon lòt klas ta pi bon pou elèv la, l ap kontakte Sipèentandan an. Sipèentandan an ap pran desizyon final la konsènan nivo klas ki apwopriye a.

7. Si yon elèv ki soti nan yon lòt peyi ap rantre nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk, y ap enskri elèv sa a dapre dènye klas li te ye nan dènye lekòl la dapre dosye edikatif apwopriye li soumèt. Si yon elèv ki te lekòl nan yon lòt peyi vini san dosye edikatif, y ap enskri l nan yon lekòl primè, presegondè oswa segondè dapre laj li. Si yon elèv ki soti nan yon lòt peyi san dosye edikatif ki vin gen 15 lane nan ane l ap chèche rantre lekòl la, y ap atann pou l ale nan lekòl segondè nan otòn ane sa a. Si elèv la rive nan mwa jen ane sa a, y ap mete l nan klas 8yèm ane. Si elèv la rive apre mwa jen ane sa a, y ap mete l nan lekòl segondè. Nan ka kote yo mete elèv sa a nan lekòl segondè, direktè a oswa reprezantan l ap deside apresa nan ki klas ki apwopriye pou mete l lè yo resevwa dosye edikatif li. Nan lòt ka kote yo mete elèv la nan klas dapre Règleman sa a, men direktè a jije ke enstriksyon nan yon lòt klas ta pi bon pou elèv la, l ap kontakte Sipèentandan an. Sipèentandan an ap pran desizyon final la konsènan klas ki apwopriye.

8. Yo dwe fè aranjman nan lespas senk jou lekòl pou tout elèv ki gen laj pou ale lekòl k ap chèche ale nan yon lekòl oswa nan yon *Borough Enrollment Office*.

9. Dapre lalwa, yo pa ka egzije ni mande elèv pou yo prezante papye imigrasyon ni yo pa ka refize pran yo lekòl dapre sitiyasyon imigrasyon yo oswa si yo pa prezante dokiman sou sitiyasyon imigrasyon yo. Yo pa ka mande sitiyasyon imigrasyon yon timoun oswa paran l nan okenn fòm ak/oswa dosye lekòl.[3]

10. Yo dwe admèt elèv ki sou kont ajans byennèt sosyal, enstitisyon jistis pou minè ak ajans penitansye, nan lekòl menmjan ak lòt elèv.

11. Elèv ki nan klas Matènèl rive klas 12yèm ane ki chanje adrès nan Vil Nouyòk gen dwa rete nan lekòl yo te ye lè yo te nan kay yo te abite anvan an jiskaske yo fini dènye klas la. Yo pa ka transfere elèv nan lekòl sektè *zoned school* yo oswa nan distri yo kote yo abite akoz pwoblèm akademik oswa pwoblèm disiplin eksepte dapre pwosedi ki tabli nan CR A-450.

12. Paran elèv lekòl primè ak presegondè sa yo ke y ap pale nan Seksyon I. A.11 pi wo ki pa elijib pou rete nan lekòl yo ye kounye a poutèt yo vin abite nan yon lòt adrès, responsab pou elèv yo prezan ak alè lekòl. Elèv sa yo pa p elijib pou mwayen transpò nan otobis jòn. Si yo kontinye absan ak anreta, lekòl la dwe travay ak elèv la ak fanmi l pou fasilite ak ankouraje li prezan ak alè regilyèman. Sepandan, si absans ak/oswa reta egzajere a kontinye, epi si direktè a panse li ta pi bon pou elèv pou transfere l nan yon lòt lekòl, li ka kòmanse pwosesis transfè a nan yon lekòl apwopriye kote elèv la elijib pou ale dapre kote li abite kounye a. Direktè a dwe

[3] "Paran" nan règleman sa a vle di paran oswa gadyen legal elèv la oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa gadyen legal elèv la oswa elèv la limenm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane oswa si l pi gran.

soumèt ba moun ki responsab pou kontwole prezans *Attendance Point Person* nan Rezo Timoun Dabò *Children First Network* (CFN), dokiman konsènan absans ak/oswa reta egzaje elèv la, ansanm ak dokiman ki pwouve efò yo fè pou travay ak elèv la ak fanmi l pou ankouraje l vin lekòl regilyèman. *Attendance Point Person* nan CFN pral evalye dokiman yo soumèt yo lè l konpare yo ak dosye absans ak reta a avan ak apre elèv la te chanje adrès ansanm ak dokiman sou efò lekòl la fè pou ankouraje elèv la prezan lekòl. Si *Attendance Point Person* nan CFN la konfime pwoblèm prezans ak reta vin pi grav, l ap enfòme Direktè egzekitif la oswa reprezantan pou *Borough Enrollment Office* la k ap apwouve oswa refize demann transfè a. Si Direktè a apwouve demann lan, li dwe avize paran an alekri ke y ap transfere elèv la. OSE pral transfere elèv la, epi l ap mete timoun lan nan rejis lekòl sektè *zoned school* oswa nan lekòl yo endike a oswa nan yon lòt lekòl apwopriye kote elèv la elijib pou ale.

Yo entèdi pou transfere elèv sanzabri oswa elèv ki nan lojman tanporè poutèt absans dapre Tit VII *McKinney-Vento Homeless Assistance Act* (42 USC 11431) ak CR A-780.

13. Si yon elèv fè demach pou enskri oswa enskri pou ale nan yon lekòl primè kote li elijib pou l ale (dapre adrès kay li, priyorite *sibling*, rekòmandasyon pou pwogram Edikasyon espesyal), elèv la dwe toujou elijib lè y ap admèt li pou l ka antre nan lekòl la. Si kondisyon sou elijiblite elèv la chanje, OSE ap transfere elèv la, epi l ap enskri l nan yon lekòl apwopriye kote li elijib.

II. PWOSEDI ADMISYON

A. Priyorite pou Sibling[4]

1. Nan ka priyorite, yon *sibling* se yon frè oswa yon sè (li ka tou yon demi frè, demi sè, bofrè, bèlsè, frè adoptif, sè adoptif) aplikan an k ap viv nan menm kay avèk li.
2. Lekòl la gen responsablite verifye kondisyon *sibling* lan avan li fè plasman.
3. *Siblings* elèv ki deja fè demach pou antre nan yon lekòl primè oswa ki deja nan yon lekòl primè lè y ap soumèt aplikasyon an gen priyorite pou admisyon ni nan pwogram pou timoun douwe *Gifted and Talented* (G&T) distri a nan pwogram Vil la kote yo satisfè kondisyon pou elijiblite ak nan pwogram prematènèl jan yo dekri l nan Seksyon II.B pi ba a, lè gen plas disponib. Anjeneral, y ap ofri jimo ak plizyè marasa ki elijib pou yon menm pwogram plas nan pwogram lan depi yo pito menm pwogram lan.
4. Nan yon lekòl primè ki gen klas Matènèl–5yèm ane, Matènèl–6yèm ane, Matènèl–7yèm ane oswa Matènèl–8yèm ane, yo ka bay yon aplikan ki se *sibling* yon elèv priyorite si *sibling* lan deja fè fòmalite pou antre nan lekòl la oswa si l deja nan lekòl la lè l ap soumèt aplikasyon an, epi si l ap rantre nan klas 5yèm ane oswa nan yon pi piti klas nan lekòl sa a nan kòmansman septanm k ap vini a.
5. *Siblings* ki gen andikap ki bezwen yon plas nan yon klas espesyal oswa nan yon pwogram ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore *collaborative team teaching* (CTT) ap gen priyorite si gen plas disponib nan pwogram li bezwen an.
6. Yo dekri priyorite pou admisyon *Sibling* nan matènèl nan Seksyon II.C pi ba a.

B. Admisyon nan pwogram UPK

1. Elèv yo dwe gen 4 lane nan dat 31 desanm yon ane lekòl pou l ka elijib pou ale nan pwogram UPK yo.
2. Yo admèt elèv nan pwogram Prematènèl NYCDOE dapre priyorite sa yo pou admisyon, si gen plas disponib :
   a. Elèv ki abite nan sektè lekòl la *Zoned students* ki gen *siblings* yo verifye ki frè/sè yo ki fè fòmalite pou antre nan lekòl la oswa ki deja nan lekòl la lè y ap soumèt

[4] Yo bay *sibling* priyorite sèlman nan lekòl primè.

aplikasyon epi ki pral nan klas Matènèl-5yèm ane nan kòmansman septanm ki pral rive a;

b. Elèv ki abite nan sektè lekòl la ki pa sa yo ke yo dekri nan seksyon (a) pi wo a, ki aplike nan *zoned school* la;

c. Elèv ki gen *siblings* yo verifye ki se frè oswa sè yo ki fè fòmalite pou antre nan lekòl la oswa ki deja nan lekòl la lè y ap soumèt aplikasyon an, epi ki pral nan klas matènèl-5yèm ane nan lekòl la nan kòmansman septanm ki pral rive a, ki abite nan distri sa a epi ki pa gen *zoned school* oswa si pa gen pwogram prematènèl nan zoned *school la*;

d. Elèv ki gen *siblings* yo verifye ki se frè oswa sè yo ki fè fòmalite pou antre nan lekòl la oswa ki deja nan lekòl la lè y ap soumèt aplikasyon an, epi ki pral nan klas matènèl-5yèm ane nan lekòl la nan kòmansman septanm ki pral rive a, ki abite nan distri sa a, epi ki abite nan sektè yon lòt lekòl ki gen yon pwogram prematènèl;

e. Elèv ki gen *siblings* yo verifye ki se frè oswa sè yo ki pral nan klas matènèl-5 nan kòmansman mwa septanm ki pral rive a, ki abite nan yon lòt distri;

f.. Elèv ki abite nan distri ki pa gen *zoned school* oswa ki pa gen pwogram prematènèl nan *zoned school* la;

g,. Elèv ki abite nan distri ki aplike nan yon pwogram ki nan yon lekòl ki pa *zoned school* yo;

h.. Elèv ki pa abite nan distri a ki aplike nan yon pwogram ki nan yon lekòl ki nan *borough* pa yo;

i.. Elèv ki pa abite nan distri a k ap aplike nan yon pwogram ki nan yon lekòl ki pa nan *borough* pa yo.

C. Admisyon nan Matènèl

1. *Zoned schools* yo oblije sèvi tout elèv ki abite nan zòn yo, si gen plas, kèlkeswa lè fanmi yo vin enskri yo. ***Zoned schools* yo dwe aksepte aplikan dapre lòd priyorite sa yo :**

a. *Zoned students* ki gen siblings yo verifye ki se frè oswa sè yo ki pral nan klas matènèl-5yèm ane nan kòmansman ane lekòl ki pral rive a an septanm;

b. *Zoned students* ki pa sa yo ki dekri nan seksyon (a) pi wo a ki aplike nan *Zoned school* la;

Si gen plas, epi si OSE jije li nesesè dapre sa ki nesesè onivo distri a, y ap otorize lekòl yo pou yo ofri gwoup sila yo priyorite, nan lòd nou dekri pi ba a. Se sèl OSE ki ka otorize plasman elèv ki pa abite nan sektè lekòl la san yo pa konsidere lòd priyorite sa a; paegzanp, pou elèv ki pa ka jwenn plas nan *zoned school* yo, oswa pou pwogram espesyal tankou pwogram lang doub *dual language* oswa *inclusion classes* pou elèv ki gen twoub Otis *Autism Spectrum Disorders* (ASD).

c. Elèv ki gen *siblings* yo verifye ki se frè oswa sè yo pral nan klas Matènèl-5yèm ane nan lekòl la nan kòmansman ane lekòl k ap rive an septanm lan, ki pa abite nan sektè lekòl la men ki abite nan distri sa a;

d. Elèv ki gen *siblings* yo verifye ki se frè oswa sè yo ki pral nan klas Matènèl-5yèm ane nan kòmansman ane lekòl ki pral rive an septanm lan, ki abite nan yon lòt distri;

e. Lòt elèv ki pa elèv nou dekri nan seksyon (c) pi wo a ki abite nan distri sa a;

f. Elèv ki pa gen *siblings* nan lekòl la ki abite nan yon lòt distri.

2. Lekòl ki pa *Zoned schools* dwe aksepte elèv dapre lòd priyorite sa yo :
   a. elèv ki abite nan distri a ki gen *siblings* yo verifye ki se frè oswa sè yo ki pral nan klas matènèl-5yèm ane nan lekòl la nan kòmansman septanm k ap vini a;
   b. Elèv ki pa abite nan distri a ki gen *siblings* yo verifye ki se frè oswa sè yo ki pral nan klas matènèl-5yèm ane nan lekòl la nan kòmansman septanm k ap vini a;
   c. Elèv ki abite nan distri apa elèv sa yo nou dekri nan seksyon (a) pi wo a;
   d. Elèv ki pa abite nan distri a apa elèv sa yo ki dekri nan seksyon (b) pi wo a;

D. Admisyon nan *Zoned* [5] *Schools* primè ak presegondè[6]

1. Elijiblite
   a. *Zoned students* yo gen dwa ale nan *zoned schools* primè ak presegondè depi gen plas disponib;
   b. Elèv lekòl primè ak presegondè ki pa gen yon *zoned school* bò lakay yo gen dwa pou jwenn yon plas nan yon lekòl nan distri kote yo te deja deziyen pou elèv la ale nan lekòl presegondè dapre adrès li.
2. Enskripsyon/Plasman
   a. *Zoned students* yo ka enskri dirèkteman nan *zoned schools* primè ak presegondè pa yo depi gen plas disponib;
   b. Elèv k ap chèche rantre nan yon lekòl primè oswa presegondè ki pa pou sektè pa yo ka jwenn plas/enskri dapre dispozisyon ki fikse nan règleman sa a oswa dapre lòt règleman jan OSE deside.

E. Règleman pou *Zoned Schools* primè ak presegondè

1. Klas Matènèl se klas debitan nan lekòl leta Vil Nouyòk. Elèv yo dwe gen 5 lane nan dat 31 desanm yon ane lekòl pou yo ka elijib pou kòmanse klas matènèl nan ane akademik sa a.
2. *Students zoned* pou yon lekòl primè oswa presegondè gen priyorite pou jwenn plas nan lekòl sa yo dapre dispozisyon sa a yo ki dekri nan règleman sa a, epi yo dwe bay yo plas avan yo bay elèv ki pa abite nan sektè lekòl la *non-zoned students* plas.
3. *Zoned school* yo oblije enskri elèv ki abite nan sektè lekòl *zoned student* yo epi yo dwe aksepte yo dapre dispozisyon ki fikse nan règleman sa a ak si gen plas disponib jan OSE deside l ak otorize l. Yo ka dmèt elèv ki pa abite nan sektè yon lekòl sèlman dapre dispozisyon ki dekri nan règleman sa a ak dapre jan OSE deside l.
5. Yon *zoned school* gen responsablite sèvi tout timoun ki abite nan sektè l dapre dispozisyon ki fikse nan règleman sa a. Kidonk, nan okenn sitiyasyon yon *zoned school* pa ka limite kantite elèv nan yon klas pou rive gen ni pou diminye yon efektif nan okenn klas. Se sèl *Division of Portfolio Planning* ki ka deside anpeche enskri lòt elèv pou yon klas.
6. Nan sitiyasyon kote yo oblije pa pran elèv la nan *zoned school* la nan klas li ye a poutèt gen twòp elèv, elèv la gen dwa jwenn yon lòt plas nan distri li abite a. Dwa sa a pou jwenn yon plas bay elèv ki nan sitiyasyon sa a priyorite nan yon lòt *zoned school* sou nenpòt lòt aplikan ki pa abite nan sektè lekòl la bò *zoned school* la. Tout elèv yo deziyen pou ale nan yon lòt lekòl poutèt gen twòp elèv dwe swa aksepte plas yo ofri l la swa chèche yon lòt altènativ.
7. Elèv ke yo deziyen pou ale nan yon lòt lekòl ki pa *zoned school* yo dapre yon plan yo apwouve pou limite efektif ka rete sou lis datant *zoned school* yo jiska yon dat

[5] Dapre dispozisyon anplis pi wo yo, dispozisyon nan règleman sa a konsènan lekòl primè yo valab tou pou lekòl matènèl.

[6] Règleman ki nan Seksyon II.C a konsènan admisyon nan *zoned school* primè ak presegondè eksepte admisyon nan Prematènèl ke règleman ki tabli nan Seksyon II.A.2 pi wo a kontwole.

detèmine jan OSE tabli l. Nan ka kote yo deside pou elèv matènèl ale nan yon lòt lekòl, y ap ofri dabò elèv matènèl sa yo ke te voye nan lòt lekòl ki sou lis datant nenpòt plas disponib pou klas 1ye ane nan ane apre a. Elèv ke yo te deziyen pou ale nan yon lòt lekòl ka refize retounen nan *zoned school* la epi rete nan lekòl ki gen gwo efektif la. Lè elèv sa yo refize retounen nan *zoned school* yo, yo pa p gen dwa ankò pou transfere otomatikman nan *zoned school* la dapre kote yo abite a. Elèv sa yo ki te elijib pou mwayen transpò nan lekòl ki gen gwo efektif la pa p gen dwa sa a ankò sòfsi vin gen obligasyon pou genyen mwayen transpò yo oswa yo vin elijib dapre prensip Biwo pou Transpò elèv *Office of Pupil Transportation* (OPT) fikse. Depi elèv sa yo fin fè dènye klas la nan yon lekòl primè, y ap gen opsyon pou enskri nan lekòl presegondè dapre lekòl primè yo te enskri a oswa dapre kote yo abite.

8. Y ap apwouve demann paran fè pou transfè yon elèv nan yon *zoned school* primè si gen plas disponib.

9. Se premye obligasyon yon *zoned school* pou l sèvi elèv ki abite nan sektè l. Si yon *zoned school* pa kapab resevwa tout elèv ki nan sektè l, yo ka diminye oswa elimine pwogram ki pa obligatwa nan lekòl la.

F. Règleman pou Enskripsyon

1. Enskripsyon nan yon pwogram “chwa” (lekòl primè ak presegondè sèlman)

Tout elèv yo admèt apre l ranpli yon aplikasyon oswa dapre pwosesis chwa a, ki jwenn plas dapre IEP l oswa ki benefisye yon plas dapre eksepsyon nan plasman *Placement Exception Request* (PER), nan yon lekòl primè ki pa abite nan sektè lekòl la, epi ki rete nan lekòl la jiskaske li fin fè dènye klas lekòl la ka chwazi enskri nan lekòl presegondè a dapre opsyon ki disponib jeneralman pou elèv ki abite nan sektè yon lekòl primè nan distri kote elèv la te fè klas primè l. Nan distri kote gen chwa pou lekòl presegondè, elèv yo ka aplike nan lekòl presegondè nan distri kote yo ale lekòl primè a. Elèv la ka chwazi tou pou enskri nan lekòl presegondè nan distri kote gen lekòl presegondè ki pou sektè li abite a. Nan ka sa, yon elèv klas primè ki pa abite nan yon distri ki chwazi rete nan distri sa a pou lekòl presegondè, gen menm priyorite ak aplikan ki abite nan distri a. Nan distri kote gen chwa pou lekòl presegondè, si yon elèv k ap sòti nan yon nivo eskolè pou ale nan yon lòt nivo eskolè pa jwenn yon plas nan yon lekòl li chwazi, li gen priyorite pou jwenn yon plas nan distri kote li abite a.

2. Admisyon nan lekòl ki gen klas K–8yèm ane ak 6yèm–12yèm ane

Yon lekòl ki gen klas K-8yèm ane oswa 6yèm-12yèm ane dwe ka admèt elèv nan plizyè klas. Kidonk, lè yo admèt yon elèv nan yon lekòl ki gen klas Matènèl–8yèm ane oswa 6yèm–12yèm ane elèv sa a gen dwa ak priyorite pou admisyon nan pi gwo klas yo. Elèv sa yo ka, anmenm tan, aplike nan yon lòt lekòl oswa pwogram kote yo elijib.

G. Admisyon nan lekòl segondè

2. Yo garanti elèv ki soti nan Klas 8yèm ane ki mande yon plas nan lekòl segondè ki nan sektè pa yo si yo aplike nan lekòl la atravè pwosesis admisyon nan lekòl segondè.

3. Okenn lekòl segondè (eksepte lekòl Distri 75, pwogram Distri 79 ak lekòl transfè yo) pa ka enskri elèv. Se sèl OSE ki ka enskri elèv lekòl segondè.

4. Elèv yo avize yo mete yo sou lis yon lekòl kòm rezilta pwosesis admisyon nan lekòl segondè a gen dwa retounen pandan ane lekòl yo te mete pou yo ale nan lekòl la.

III. READMISYON

A. Readmisyon/Dwa pou retounen nan yon lekòl

Anjeneral, elèv gen dwa pou yo retounen nan lekòl yo te ye avan an apre yo te kite lekòl leta Vil Nouyòk nan espas yon ane apre yo fin kite dapre prensip sa yo :

1. Elèv lekòl primè ak presegondè

a. pou elèv lekòl primè ak presegondè, yon elèv ki retounen nan adrès li te abite avan an gen dwa pou retounen nan *zoned school* li, depi gen plas disponib;

b. elèv lekòl primè oswa presegondè ki te nan yon lekòl ki pa *zoned school* li gen dwa retounen nan lekòl sa a pou yon ane si l toujou elijib dapre kote li abite;

c. elèv ki te nan pwogram G&T distri oswa Vil la ka retounen nan yon pwogram G&T si gen plas disponib ak si li retounen nan menm distri a (pou pwogram distri a). Yo ka admèt elèv ki te nan pwogram G&T distri a, epi ki retounen nan yon lòt distri yo nan yon pwogram G&T nan nouvo distri yo ye a si gen plas disponib.

2. Elèv lekòl segondè

a. pou elèv lekòl segondè, yon elèv gen dwa pou retounen nan lekòl segondè li te ye avan an (lekòl espesyalize tou) si li gen yon ane apati dat aktyèl la depi l kite lekòl la;[7]

b. si gen yon kesyon konsènan dwa pou yon elèv retounen nan yon lekòl, OSE ap pran desizyon final si pou yo repran elèv la.

3. Elèv ki gen andikap ki bezwen yon plas nan yon pwogram CTT oswa klas espesyal gen dwa pou retounen nan lekòl yo te ye avan an nan espas yon lane apre yo kite oswa ke yo avize yo mete non yo sou lis yon lekòl si gen plas disponib.

IV. TRANSFÈ

Yo oblije estaf lekòl rankontre ak fanmi yo pou evalye demann transfè epi pou bay tout dokiman ki pou sipòte desizyon an lè yo apwouve yon transfè. Nan tout ka eksepte ka sa yo n ap pale pi ba yo, se OSE ki deside nan ki lekòl y ap transfere yon elèv.

A. Se OSE ki dwe apwouve tout demann transfè ansanm ak tout PER[8] eksepte :

1. Transfè yon elèv mande ak transfè yon elèv pa ta apwouve si l ta kapab, ke *Director of Suspensions* a deside dapre CR A-450 ak A-443 ;

2. Transfè elèv lekòl primè ak presegondè k ap chèche ale nan *zoned schools* (lè gen plas). Nan ka sa a, direktè lekòl elèv la prale a ap admèt li; ak

3. Transfè nan Distri 75 ak Distri 79.

B. Yo ka apwouve lòt transfè pou konsidere yon sitiyasyon patikilye jan yo dekri l pi ba depi yo prezante tout dokiman yo egzije yo. Nan tout ka, OSE ap swa refize demann transfè a swa apwouve l, epi l ap deside nan ki lekòl l ap transfere elèv la.

1. Transfè pou pwoblèm gadri (elèv ki nan klas Matènèl-5yèm ane sèlman) : Yon paran ka mande yon transfè pou pitit li poutèt yon pwoblèm distans ant lekòl la ak travay li ak/oswa distans gadri ak lekòl la. Paran an dwe bay dokiman patwon li bay li ak/oswa sant gadri a pou konfime pwoblem gadri a.

2. Transfè siblings (elèv ki nan klas Matènèl-5yèm ane sèlman) : Yon paran ka mande yon transfè onivo *sibling* pou pitit li poutèt yonn oswa plizyè *siblings* nan diferan lekòl.

3. <u>Transfè pou rezon medikal</u> : Yon paran ka mande yon transfè pou rezon medikal pou yon timoun poutèt yon pwoblem medikal ijan ke yo ka pran ankonsiderasyon ak yon chanjman lekòl. Paran an dwe bay dokiman ki fèt sou yon papye ki gen antèt klinik lan ke yon doktè siyen kote li presize pwoblèm medikal la ak rezon li rekòmande transfè a. Estaf ki la pou sa nan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) (CFN oswa OSE) ka kontakte doktè a pou jwenn plis enfòmasyon.

[7] Yon elèv ki te kite yon lekòl dapre *Code* 39 ka retounen nan lekòl la jiska fen ane lekòl kote li vin gen 21 lane a.

[8] PER se demann yo fè pou admisyon nan Otòn nan yon lekòl ki pa *zoned school* elèv la oswa yon lekòl yo deziyen pou l ale poutèt yon pwoblèm.

4. Transfè pou rezon sekirite : Yo dekri pwosedi pou apwouve transfè pou rezon sekirite nan CR A-449. Yo ka apwouve transfè pou rezon sekirite nan sikonstans sa yo : (a) lè elèv yo se viktim yon zak kriminèl nan lakou lekòl la dapre Lwa ki rele Pa kite okenn timoun ret dèyè *No Child Left Behind* (NCLB) oswa (b) nan sitiyasyon kote yo jije prezans yon elèv nan lekòl la reprezante yon danje pou elèv la. *Borough Director of Suspensions* an ap fè aranjman pou demann transfè pou rezon sekirite dapre NCLB.

   Lè transfè pou rezon sekirite a pa adapte ak Lwa NCLB, se Direktè egzekitif *Borough Enrollment Office* la k ap deside si pou yo apwouve l nan espas yon semèn apre l resevwa dokiman yo ezije pou direktè lekòl la oswa reprezantan l voye ba li. Men pwosedi yo :

   a. se lekòl yo ki pou fè tout demann transfè pou rezon sekirite epi ki pou bay tout dokiman yo mande kòm prèv; fanmi yo pa dwe pote dokiman nan *Borough Enrollment Office* la. Pou yo konsidere yon transfè pou rezon sekirite, yon lekòl dwe fakse :

      - Rapò sou ensidan ki rive nan lekòl la *School Occurrence Report* (SOR) oswa lòt dokiman lekòl la;

      -Rapò polis, nimewo *Docket* oswa dokiman tribinal;

      Rezime Fòm envestigasyon transfè pou rezon sekirite a; ak

      Fòm ki gen enfòmasyon sou transfè pou rezon sekirite *Safety Transfer Intake Form.*

   b. si dokiman yo pa byen dekri pwoblèm sekirite a oswa si yo bezwen plis enfòmasyon, Sansè a *Dean,* Ajan Sekirite Asistan direktè a oswa direktè lekòl la dwe bay OSE plis enfòmasyon;

   Si yo jije transfè elèv la ap rezoud pwoblèm sekirite a (kèlkeswa kote ensidan an te rive a), OSE ap apwouve transfè pou rezon sekirite a, epi y ap chèche yon lòt lekòl pou elèv la.

5. Transfè pou rezon Espò (elèv lekòl segondè sèlman)

   a. anjeneral, pa gen transfè pou rezon espò;

   b. yon elèv atlèt ki sou lis ofisyèl Lig atletik lekòl leta *Public School Athletic League* (PSAL) onivo yon espò patikilye ki nan yon lekòl y ap fèmen epi pa gen espò sa a nan bilding lan ankò, elèv la ka aplike pou yon transfè nan yon lòt lekòl. Yon elèv atlèt ki sou lis ofisyèl PSAL onivo yon espò patikilye ki nan yon lekl kote ekip la pa egziste ankò ka aplike tou pou yon transfè nan yon lòt lekòl. Nan ka sa yo, OSE ap chèche yon lekòl ki gen plas disponib ki gen yon ekip PSAL pou espò sa a epi l ap fè yon plasman apwopriye pou satisfè bezwen akademik ak atletik elèv atlèt la;

   c. yon elè atlèt ki sou lis ofisyèl PSAL nan yon espò patikliye ki aplike pou yon transfè dapre NCLB elijib sèlman pou transfere nan yon lekòl ki sou aplikasyon NCLB li a;

   d. nan ka sa yo ke yo dekri nan nan seksyon (b) ak (c) pi wo a, yo pa garanti yon elèv atlèt pou l jwenn yon plas nan ekip ofisyèl PSAL onivo espò li jwe a nan nouvo lekòl la. Li dwe fè yon esè ak ekip lekòl la;

   e. Se règ ak règleman elèv atlèt PSAL (disponib nan www.psal.org) k ap administre tout règleman konsènan atlèt lekòl segondè.

6. Transfè pou pwoblèm trajè (elèv lekòl segondè sèlman)

   a. yon fanmi dwe prezante dokiman pou pwouve adrès li pou mande yon transfè pou pwoblèm trajè;

   b. pou yo konsidere yon transfè pou pwoblèm trajè, trajè ant lakay ak lekòl la dwe 90 minit oswa plis oswa si pa gen transpò piblik nan zòn lan (sa vle di si elèv la

gen pou chanje otobis oswa tren plis pase twa fwa).

C. Eksepsyon pou demann plasman *Placement Exception Request* (lekòl primè ak presegondè sèlman)

1. Avan kòmansman ane lekòl la, elèv la ka mande yon "*Placement Exception Request* (PER)" pou admisyon nan otòn nan yon lekòl ki pa *zoned school* li oswa ki pa lekòl yo deziyen pou l ale.

2. Yo konsidere eksepsyon nan plasman sitou pou konsidere yon pwoblèm, epi y ap apwouve l pou yon lekòl patikilye sèlman si yon lekòl pa gen efektif li te prevwa genyen an ak si gen plas disponib.

V. RÈGLEMAN SOU ENSKRIPSYON POU ELÈV KI GEN ANDIKAP KI RESEVWA SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL

A. Tout règleman konsènan enskripsyon pou elèv Edikasyon jeneral aplikab tou pou elèv ki gen andikap, paegzanp règleman konsènan patisipasyon elèv nan pwosesis admisyon. Konsènan transfè ak plasman elèv ki gen andikap, men règleman ou dwe sonje :

1. Lè gen yon chanjman nan yon pwogram, elèv ki gen andikap gen dwa rete nan lekòl yo ye kounye a si lekòl sa a ka bay sèvis kòmsadwa dapre nouvo IEP elèv la. Lè gen yon chanjman nan IEP elèv ki gen andikap, yo gen dwa rete nan lekòl yo ye kounye a si chanjman yo pa egzije yon sèvis oswa yon pwogram oswa yon plasman yo ka jwenn sèlman nan Distri 75.

2. Yon elèv lekòl primè oswa presegondè ki gen andikap ki nan yon lekòl ki pa nan distri li abite a epi ki gen yon chanjman nan sèvis li yo gen dwa rete nan lekòl sa a si gen plas disponib oswa li ka chwazi retounen nan yon lekòl ki nan distri li abite a kote gen plas disponib.

B. Yon elèv k ap chèche retounen nan yon lekòl Vil Nouyòk, ke yo te idantifye kòm yon elèv ki gen andikap avan ki vini san yon IEP, *Borough Enrollment Office* oswa *Committee on Special Education*, depann sitiyasyon an, ap bay li yon plas, dapre dènye IEP Vil Nouyòk li a. Lè sa apwopriye, yo dwe fè yon reyinyon IEP nan lekòl elèv la nan espas 30 jou epi y ap mete anplas yon nouvo IEP.

C. Si yon elèv prezante dokiman yo bay li nan yon Vil ki pa Nouyòk kote yo endike li bezwen sèvis Edikasyon espesyal, yo dwe voye elèv la nan biwo CSE apwopriye a, kote y ap deside bay li menm kalite sèvis avèk sa yo mete nan dokiman sa yo, epi y a voye l nan yon lekòl apwopriye.

VI. FASON POU DETÈMINE ADRÈS

A. Yo detèmine adrès yon elèv fason sa yo :

1. Yo detèmine adrès dapre prezans yon moun kòm yon moun ki abite e ki gen entansyon rete nan limit jewografik yo endike pou yon distri lekòl.

2. Adrès yon elèv onivo distans li ak lekòl la gen pou wè ak fason yo detèmine swen y ap bay elèv la, moun ki gen responsablite e k ap kontwole elèv la.

B. Pwosedi sa yo dekri kòman yon moun ki pa paran byolojik oswa paran adoptif oswa gadyen legal yon elèv ka enskri elèv la :

1. Yon moun ki jwe wòl paran dwe akonpaye elèv la lè l ap enskri nan yon lekòl (eksepte nan ka jèn k ap viv poukont yo *unaccompanied youth* jan yo dekri l nan seksyon VIII.D ak nan CR A-780). Yon moun ki jwe wòl paran ka papa oswa manman elèv la, dapre nesans oswa adopsyon, bòpè oswa bèlmè, gadyen legal oswa responsab legal. Yo konsidere yon moun kòm responsab yon lòt moun si li gen obligasyon ak responsablite pou pran swen moun sa a. Yo pa egzije prèv onivo responsablite legal pou enskri yon elèv.

2. Si moun k ap enskri yon elèv se pa paran byolojik oswa paran adoptif li oswa gadyen legal li, moun lan dwe bay lekòl la oswa *Borough Enrollment Offic*e la yon deklarasyon sou sèman ki gen non, adrès kay, nimewo telefòn, non paran byolojik oswa adoptif la

oswa non gadyen legal la, sikonstans ki fè elèv la vin rete lakay li, ak kantite tan l ap rete avèk li (Gade dokiman siplemantè No. 1).

3. Si gen kesyon konsènan kondisyon moun k ap chèche enskri elèv la, yo dwe enskri elèv la annatandan lekòl la fè yon lòt envestigasyon pou konnen kiyès ki gen responsablite elèv la.

C. Yo dwe konsidere faktè sa yo lè y ap deside si yon elèv abite avèk yon moun ki pa paran byolojik oswa paran adoptif li oswa gadyen legal li :

1. Èske elèv la gen entansyon rete nan adrès la?
2. Èske paran byolojik oswa paran adoptif oswa gadyen legal la bay lòt moun kote elèv la abite a responsablite ak/oswa kontwòl elèv la?
3. Èske paran byolojik oswa paran adoptif oswa gadyen legal la kontinye sipòte elèv?
4. Èske adilt kote elèv la ap viv la pran swen elèv la ak sipèvize l?
5. Èske gen ase prèv ki montre paran an bay moun kote elèv la ap viv la responsablite ak kontwòl elèv la? Lekòl la ka egzije yon sèman oswa yon deklarasyon sou sèman siyen ak notarye nan men paran byolojik oswa paran adoptif oswa gadyen legal la (gade dokiman siplemantè No. 2).
6. Poukisa elèv la ap viv nan kay lòt moun lan? Si sèl rezon ki fè elèv la ap viv ak lòt moun lan se pou pèmèt elèv la ale nan yon lekòl espesifik oswa pou garanti yon transfè pou l kite lekòl li ye a pou l ale nan yon lòt lekòl li pa elijib pou l ale, nan ka sa a elèv la pa abite la.

VII. FASON POU VERIFYE ADRÈS

A. Yo dwe bay prèv adrès lè y ap enskri yon elèv nan yon lekòl. Yo ka itilize dokiman sa yo kòm prèv adrès :

1. Yon bòdwo telefòn, yon bòdwo kab televizyon, fakti kat kredi, kat asirans swen sante oswa lisans chofè pa akseptab kòm prèv adrès. Prèv adrès yo ka verifye ak nenpòt de nan dokiman sa yo :

a. Yon bòdwo sèvis itilite pou kay (gaz oubyen elektrisite) ki sou non moun ki abite nan kay la ki soti nan *National Grid* (ansyen *Keyspan*), *Con Edison*, oubyen *Long Island Power Authority*; dat ki sou dokiman an pa dwe plis pase 60 jou;

Dokiman oubyen lèt ak antèt yon biwo rejyonal gouvènman, yon biwo leta, oubyen yon biwo federal, tankou *Internal Revenue Service* (IRS), *City Housing Authority, Human Resources Administration* (HRA), *Administration for Children's Services* (ACS), oubyen yon konpayi k ap travay pou ACS ki gen non ak adrès moun ki abite kay la ki pou gen dat yonn dènye 60 jou ki sot pase yo;

c. yon orijinal kontra lwaye, papye kay la oubyen papye ipotèk kay *mortgage*;

d. Yon tou dènye bòdwo taks pou kay ou abite a.

e. Yon bòdwo dlo pou kay la;

f. Dokiman pewòl ofisyèl ke patwon w ba w ki pa gen plis pase 60 jou tankou yon fòm ou soumèt pou yo pran taks oswa yon resi pewòl. Yon lèt ki sou papye antèt konpayi w ap travay la pa sifi.

Nenpòt nan dokiman ki nan lis pi wo a pa sifi si ou pa soumèt li avèk yon lòt dokiman.

2. Si yon paran soulwe yon apatman oswa yon kay oswa si gen plis pase yon fanmi k ap viv nan yon kote epi si genyen yon sèl lokatè oswa mèt kay, paran an dwe prezante yon "deklarasyon sou sèman pou endike adrès la *Address Affidavit*" notarye ke ni lokatè prensipal la ni paran ki di li abite nan kay sa a dwe siyen, epi yo dwe mete prèv adrès lokatè prensipal la jan yo presize nan seksyon VII.A.1 (gade dokiman siplemantè No.3).

3. Si yon paran gen plis pase yon adrès nan Vil Nouyòk, lè sa a adrès y ap itilize pou rezon enskripsyon nan lekòl la se adrès kote timoun lan ap viv.

4. Si gen yon kesyon konsènan validite prèv sou adrès kay la oswa si paran an pa ka bay dokiman apwopriye, OSE oswa lekòl la, depann sitiyasyon an, ap admèt elèv la tanporèman. Y ap bay paran an yon Avi ki gen pou wè ak Admisyon elèv la pwovizwaman *Provisional Admission Notice* kote yo endike yo admèt elèv la nan lekòl la pwovizwaman annatandan yo gen rezilta sou envestigasyon adrès la (gade dokiman siplemantè No. 4). Lekòl kote elèv la enskri a responsab pou kòmanse yon envestigasyon pou verifye adrès elèv la dapre pwosedi pi ba a konsènan "Fo dokiman ak envestigasyon sou adrès *Falsification and Investigation of Residency*". Yo pa ka refize pran elèv la nan yon lekòl epi li gen dwa ale nan klas pandan y ap fè envestigasyon an.

5. Elèv sanzabri pa oblije prezante prèv adrès pou enskri lekòl. Gade seksyon VIII.D.

B. Fo Dokiman ak Envestigasyon sou adrès elèv la abite

Si gen yon kesyon sou adrès yon elèv oswa si yo sispèk yo te bay fo adrès pou enskri elèv la, lekòl la dwe kòmanse yon envestigasyon pou verifye adrès li nan 30 jou apre yo fin dekouvri pwoblèm lan. Si yo jwenn elèv la abite nan yon adrès ki fè l pa elijib pou ale nan lekòl li ye kounye a, direktè a dwe bay *Attendance Point Person* nan CFN la rezilta envestigasyon an. *Attendance Point Person* nan CFN la pral evalye rezilta yo, epi si l jije sa apwopriye, l ap rekòmande *Cluster Point Person* lan pou l transfere elèv la. *Cluster Point Person* lan dwe evalye dokiman envestigasyon an, epi deside si yo ase valab pou apwouve yon transfè. *Cluster Point Person* lan dwe apre enfòme Direktè egzeitif *Borough Enrollment Office* la sou desizyon li pran pou transfere elèv la. Apre sa, Direktè egzekitif *Borough Enrollment Office* la pral deside lekòl pou transfè a ak dat transfè a ap fèt, epi l ap mete elèv la sou lis lekòl transfè a.

1. Si yo oblije transfere elèv la, direktè a dwe avize paran an alekri pou di l :

   a. rezilta envestigasyon an; epi

   b. timoun lan pa gen dwa ale nan lekòl li ye kounye a epi y ap transfere l nan lekòl ki apwopriye a;epi

   c. non, nimewo ak adrès lekòl transfè a ak dat transfè a anvigè jan Direktè egzekitif *Borough Enrollment Office* la deside l; epi

   d. dwa paran an genyen pou l ale ann apèl ak rezilta envestigasyon an ke yo te voye ba *Cluster Point Person* lan ki kore lekòl la, sou senk jou apre yo voye ba paran an lèt ki pou avize l la.

2. Y ap transfere elèv la ann atandan desizyon sou apèl la sofsi *Cluster Point Person* lan, ansanm ak direktè lekòl la ak Direktè egzekitif *Borough Enrollment Office* la, deside ke sa pa ka fèt. Yo dwe bay rezilta sou apèl la nan espas dis jou lekòl.

3. Pou detèmine yon lekòl transfè ki apwopriye, y ap egzije paran an soumèt yon prèv adrès yo ka verifye. Si paran an pa bay prèv adrès yo ka verifye ki montre elèv la abite nan Vil Nouyòk, si Direktè egzekitif *Borough Enrollment Office* la dakò, y ap swa transfere elèv la nan yon lekòl ki apwopriye dapre rezilta envestigasyon an, swa y ap konsidere li pa abite nan Vil la. Nan ka sa a y ap egzije paran an pou l peye frè lekòl la pou elèv la dapre CR A-125

VIII. SITIYASYON ESPESYAL

A. Timoun ki pèdi

Si yo sispèk yon elèv ki nan yon lekòl se yon timoun ki pèdi "*missing child*," yon timoun ke yo te vòlè lè l t ap viv ak yon paran ki gen responsablite legal li, direktè a dwe admèt timoun lan epi kontakte pòs polis zòn lan imedyatman.

B. Minè emansipe (16-17 lane)

1. Se sèlman elèv ki gran moun tèt yo epi ki pa p viv ak paran yo epi ki pa bezwen yo adopte l ni ki pa adopte ke yo konsidere kòm emansipe. Si yo vin gen prèv ke yon elèv se yon elèv emansipe, li pa oblije vini ak yon paran pou enskripsyon. Kesyon sa yo ka ede deside si yon elèv emansipe :
   - Èske paran an renonse pran responsablite l?
   - Èske elèv la pa p viv ak paran l oswa èske l ap peye lwaye l nan kay paran l?
   - Èske se timoun lan k ap regle pwòp zafè l pou kont li?
   - Ki dènye fwa elèv la te an kontak ak paran l?

   Yo ka mande yon elèv pou l siyen yon *Affidavit of Emancipation* (gade dokiman siplemantè No. 5).
2. Elèv la ka itilize yon resi lwaye ki onon minè a, yon deklarasyon ke moun ki meble kay la ekri oswa yon deklarsyon sou sèman minè a fè.
3. Nan ka kote elèv la poko gen 18 lane epi li marye, elèv la emansipe.

C. Elèv ki gen paran ki pa abite ansanm

1. Yon timoun gen dwa pou l gen yon sèl adrès legal. Pou timoun ki gen paran ki pa p viv ansanm, yo sipoze adrès elèv la se adrès paran ki gen responsablite pou pran swen l lan.
2. Si tribinal bay toude paran yo responsablite pou gade elèv la, adrès elèv la se adrès paran ki gen premye responblite pou l viv avèk li a.

D. Jèn sanzabri, k ap viv poukont yo *unaccompanied Youth* ak jèn ki sove kite kay[9] *Runaway Youth*

1. Definisyon:
   a. Yon timoun sanzabri se yon timoun ki pa gen yon adrès fiks, regilye ak konvnab pou l rete leswa. Pami timoun sa yo genyen k :
      - Ap viv ak yon zanmi, yon paran oswa yon lòt moun poutèt fanmi li pèdi kay yo te abite a poutèt pwoblèm lajan, oswa pou yon lòt rezon (ke yo rele tou "*doubled up*"), oswa k ap viv nan yon motèl, yon otèl, yon tèren pou karavan, oswa anplasman pou *camping*, poutèt yo pa genyen lòt mwayen apwopriye pou akomode yo, oswa
      - Ap viv nan yon *shelter* prive oswa piblik ke leta ede peye ki fèt pou ofri moun akomodasyon pou yon bout tan (paegzanp otèl komèsyal, lojman piblik ak lojman pou moun ki gen pwoblèm mantal fè tranzisyon), oswa
      - Ap tann pou yo plase l nan kay yon fanmi ki aksepte akeyi l *foster care,* oswa
      - Ap viv nan yon kay prive oswa piblik ki pa fèt pou moun dòmi oswa ke yo pa itilize kòm yon kote pou dòmi regilyèman, oswa
      - Ap viv nan yon vwati, pak (jaden piblik), pwopriyete piblik, bilding abandone, kay ki an move eta, otobis oswa estasyon tren oswa menm tip anviwònman sa yo.
   b. Jenn k ap viv nan kay poukont yo vle di yon jenn ki pa sou kontwòl yon paran oswa yon gadyen legal, epi ki mennen vi l fason yo defini mo sanzabri pi wo a.
2. Yon timoun sanzabri, *unaccompanied oswa runaway* ka swa rete nan lekòl li ye a swa transfere nan yon nouvo lekòl li elijib pou l ale dapre nouvo adrès li ye a ki fè li satisfè

[9] Yon *unaccompanied/runaway youth* se elèv k ap viv nan yon pwogram lojman pou jèn ki sove kite kay yo *runaway youth*.

kondisyon pou admisyon an, lè sa aplikab. Li pa obligatwa pou elèv sanzabri pwouve difikilte trajè anvan yo transfere l nan yon lòt lekòl.[10] Lekòl yo chwazi a ap enskri elèv sanzabri a oswa elèv k ap viv poukont li a imedyatman, menmsi timoun lan oswa elèv k ap viv poukont li a pa kapab bay dokiman yo egzije nòmalman pou enskripsyon. Gade CR A-780 pou plis enfòmasyon sou dwa elèv sanzabri.

3. Timoun k ap viv nan pwogram lojman pou viktim vyolans domestik se timoun sanzabri tou. Y ap itilize yon adrès bwat postal ke yon paran bay pou yon elèv ki t ap viv nan yon kay kote gen vyolans domestik pou kenbe adrès elèv la an sekrè, oswa y ap kreye yon adrès kote y ap itilize yon nimewo ki fèt ak de chif distri a ak de lèt, apre y ap ajoute "DV", zòn lan, *borough* a, eta a ak kòd postal la. Paegzanp, Distri 1 = Box 01DV, New York, New York 10002.

4. Lè yon elèv pa gen yon adrès pèmanan, se pa yon rezon legal pou refize admèt li lekòl. Elèv sa yo gen dwa pou yo enskri yo imedyatman epi ale nan lekòl leta Vil Nouyòk dapre Tit VII Lwa sou èd pou zanzabri *McKinney-Vento Homeless Assistance Act* (42 USC 11431) ak CR A-780.

5. Yon *unaccompanied* elèv se yon timoun sanzabri ki pa sou kont yon paran oswa yon gadyen legal. Yon *unaccompanied* elèv pa oblije prezante ak yon adilt pou l ka enskri lekòl oswa transfere nan yon lekòl. Estaf pou enskripsyon an oswa Responsab lekòl la, depann sitiyasyon an, dwe konsidere laj ak sitiyasyon elèv la pou deside si yo dwe avèti Administrasyon pou sèvis timoun *Administration for Children's Services* (ACS).

6. Yo pa ka refize enskri yon elèv sanzabri nan yon lekòl poutèt li pa gen dokiman, tankou dokiman pou pwouve adrès li.

E. Elèv ki nan kay yon fanmiy ki akeyi l

Elèv ki nan kay yon fanmiy ki akeyi l, ki chanje kay gen dwa rete nan lekòl yo ye a oswa yo gen dwa ale nan yon lekòl ki nan sektè jewografik yo dapre nouvo adrès yo. Pou elèv lekòl segondè ki nan kay yon fanmiy ki akeyi l, ki chanje adrès, si l vin gen difikilte nan trajè pou ale lekòl nan nouvo kay ki akeyi l la, yo ka transfere l nan yon lekòl ki pi pre nouvo kay ki akeyi l la san l pa oblije satisfè kondisyon transfè pou rezon trajè.

F. Elèv yo t ap anseye lakay li ak elèv yo t ap anseye nan lopital

Yon elèv yo t ap anseye lakay li oswa nan lopital gen dwa retounen lekòl li te ye avan an sofsi OSI, ansanm ak fanmi l, deside plasman nan yon lòt lekòl ap bon pou li.

G. Elèv ki pa sou kontwòl Eta a ankò

Elèv ki te sou kontwòl Eta a, Vil la oswa ajans prive ki retounen nan lekòl leta gen dwa pou yo bay yo plas apwopriye nan lekòl touswit. Pami enstitisyon sa yo n ap site kay pou yon gwoup moun ki gen menm bezwen, sant sikyatri, sant pou timoun ki gen pwoblèm devlòpman, sant pou detansyon, ak sant rezidansyèl pou tretman, tankou sa yo ki sou kontwòl Biwo Eta Nouyòk pou sèvis timoun ak fanmi *New York State Office of Children and Family Services* (OCFS) ak ACS. Elèv yo pa oblije bay lèt ki di yo te nan yon sant pou detansyon ki lage yo avan yo enskri lekòl.

1. Depi ajans lan detèmine y ap fè yon rekòmandasyon plasman pou elèv la retounen lekòl, ajans lan ta dwe voye yon lèt ki dekri chanjman kondisyon elèv la avèk dosye lekòl li, IEP l, ba *Borough Enrollment Office* apwopriye ki travay avèk *Office of Student Enrollment* li ale a.

2. Kòm lòt elèv y ap repran nan lekòl leta Vil Nouyòk, elèv ki soti nan yon sant detansyon nan Vil Nouyòk oswa yon lòt kote ka gen dwa pou retounen lekòl li te ye avan an yo te pran desizyon mete l nan sant detansyon an pandan menm ane lekòl la dapre règleman sou enskripsyon ke yo dekri nan nan dokiman sa a. *Office of Student Enrollment*, nan kolaborasyon avèk elèv la ak paran l, ka deside lekòl li te ye avan an pa apwopriye epi yo ka chèche mete l nan yon lòt lekòl.

[10] Transfè pou rezon trajè aplikab sèlman nan nivo lekòl segondè.

3. Elèv yo pa oblije bay lèt ki di yo te nan yon sant pou detansyon ki lage yo avan yo enskri lekòl.

H. Elèv yo te ranvwaye lakay yo k ap retounen lekòl

1. Elèv yo te ranvwaye lakay yo k ap retounen lekòl, gen dwa retounen nan lekòl yo te ranvwaye yo a sofsi elèv la deside transfere nan yon lòt lekòl oswa yo transfere l san li pa vle dapre CR A-450.

   Elèv klas 8yèm ane yo te ranvwaye lakay yo ke yo bay plas nan klas 9yèm ane yon lekòl pou pwochen otòn lan gen dwa pou plas sa yo depi yo ranpli kondisyon pou chanje klas 8yèm ane.

2. Lekòl yo pa ka refize admèt yon elèv y ap transfere oswa k ap sòti yon nivo eskolè pou ale nan yon lòt nivo siperyè poutèt yo te "ranvwaye l lakay li pou yon bout tan" anvan.

IX. PWOSESIS AVI SOU LIS/PWOSESIS TRANSFÈ

A. Elèv y ap transfere nan fen ane lekòl la

1. Nan mwa jen, lekòl elèv la ap soti a "*sending school*" ap enfòme lekòl k ap resevwa l la "*receiving school*" nan yon avi ki pou endike non sou lis elèv Edikasyon jeneral ak elèv Edikasyon espesyal ki chanje klas k ap rantre lekòl la an septanm.

2. Direktè lekòl elèv la sòti a dwe siyen avi ki pou endike elèv ki sou lis yon lekòl epi konfime enfòmasyon sou nivo klas elèv pral fè ak enfòmasyon sou vaksen elèv pran konplè ak kòrèk. Sipèvizè lokal Edikasyon espesyal la oswa reprezantan l dwe siyen lis kontwòl pou Edikasyon espesyal la.

3. Tout lekòl k ap resevwa elèv k ap sòti nan yon lòt, ta dwe deziyen yon manm estaf ki la pou evalye dosye elèv ki fèk ap rantre lekòl la. Si gen dokiman ki manke, lekòl k ap resevwa elèv k ap sòti nan yon lòt lekòl ta dwe enfòme lekòl la pi vit posib.

4. Manm estaf ki responsab admisyon elèv k ap sòti nan yon lòt nivo eskolè ap evalye dosye konplè elèv la, pake dokiman evalyasyon klinik yo fè pou elèv la ak lòt dosye konfidansyèl elèv la; l ap anbale yo epi l ap remèt yo ba lekòl k ap resevwa elèv la Jounen yo mete pou fè transfè dosye *Transfer of Records Day*, ki tonbe jeneralman yon jou nan de premye semèn mwa jen. Tout lekòl dwe fin fè tout aktivite sa yo nan fen ane lekòl la pou pi ta.

B. Rezon pou itilize pwosesis avi pou endike non elèv ki sou lis lekòl

1. Yo retire elèv nan yon lekòl pou mete l nan yon lòt lekòl dapre Avi pou endike non elèv ki sou lis lekòl nan mwa jen sèlman pou rezon sa yo :

   a. Chanjman klas pou ale nan yon lekòl ki nan yon nivo pi wo (swa piblik oswa prive) sa vle di soti nan nivo primè pou ale nan nivo presegondè oswa nan nivo presegondè pou ale nan nivo segondè;

   b. lekòl k ap fèmen, k ap ouvè oswa k ap fè refòm;

   c. lekòl yo pa ka voye avi pou endike elèv ki sou lis yon lekòl nenpòt lòt moman pandan ane a pou okenn rezon.

2. Y ap voye avi ba lekòl sektè pou endike elèv ki sou lis li pou elèv prematènèl ki nan yon pwogram nan yon lokal CBO sofsi yo aksepte yo nan yon lòt lekòl/pwogram atravè yon pwosesis admisyon yo te sispann.

C. Lekòl ki nan Distri lekòl kominote pa ka voye yon avi pou endike elèv ki sou lis lekòl nan Distri 75 – lekòl ki gen Pwogram onivo Vil la.

D. Distri 75 ka voye avi sèlman ba yon lekòl segondè ki pa nan Distri 75 pou endike yon elèv li mete sou lis lekòl segondè a si elèv la te patisipe nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè epi si CSE te fin fè yon dezyèm evalyasyon elèv la.

E. Yo pa ka mete sou Avi kote yo enprime non elèv ki sou lis yon lekòl, non elèv Edikasyon jeneral k ap resevwa ansèyman DOE lakay yo oswa elèv k ap pran kou pandan yo lopital lè y ap prepare Avi pou endike elèv ki sou lis, etandone yo pa nan rejis regilye yon lekòl.

F. Yo pa ka mete non okenn elèv sou lis yon lekòl ki pa yon lekòl ki nan senk *borough* yo.

X. RANSÈYMAN

Telefòn : 212-374-6095	*Si gen kesyon konsènan pwosedi ak règleman sou prezans, ou dwe kontakte :* *Office of School and Youth Development – Mandated Responsabilities*	Faks : 212-374-5751
Telefòn : 718-935-2009	*Si gen kesyon konsènan kondisyon pou enskripsyon, admisyon ak transfè, ou dwe kontakte :* The Office of Student Enrollment	Faks : 212-374-5568
Telefòn: 212-802-1500 Telefòn : 917-521-3639	*Si gen kesyon konsènan admisyon ak transfè nan Distri 75, ou dwe kontakte Distri 75.* *Si gen kesyon konsènan admisyon ak transfè nan Distri 79, ou dwe kontakte distri 79.*	Faks : 212-802-1678 Faks:917-521-3649